

Paspò pou pwogram New Worlds Reading nan



Kindègadenn – 1e ane



Paspò sa a, se pou:

.....
.....

Chè eksploratè/eksploratris,

Eske w pare pou yon avanti ekstrawòdinè? Chak mwa, ou pral dekouvri, eksplore, epi aprann anpil bagay sou nouvo kote ki enteresan anpil isit la, nan Eta Florid la ki se lakay ou e ki gen bèle solèy!

Ou pral amize w anpil anpil pandan vizit sa yo.

Ou pral:

- amize w ak yon nouvo aktivite chak mwa
- pale de sa w aprann avèk zanmi w yo ak pwòch ou yo
- jwenn yon viyèt otokolan espesyal pou chak nouvo kote ou vizite

Asire w ke ou verifye si w gen tout sa ou bezwen, paske vwayaj ou a kòmanse depi kounye a!

Bon vwayaj,

**Zanmi w yo nan pwogram
New Worlds Reading nan!**

Pare w pou fè lekti!

Devine kisa? Sa enteresan anpil lè nouvo liv ou a rive chak mwa. Ou vle mwen di w yon lòt bagay ankò? Men yon lis verifikasyon ou ka itilize pou w ka pi byen kòmanse vwayaj ou a atravè lekti!

Lis verifikasyon lekti mwen an

Mwen konpòte m tankou yon anketè/anketris nan zafè liv:

- Mwen gade tit la, imaj yo, ansanm ak paj ki anndan liv la.
- Mwen di sa mwen konnen deja konsènan sijè liv la trete a.



Mwen reflechi sou sa m ap li a:

- Pandan m ap li, mwen panse sou sa ki pral rive apre.
- Mwen itilize karakteristik tèks yo tankou imaj, etikèt ak mo difisil yo pou ede m konprann sa mwen te li a.



Mwen poze késyon:

- Kijan mwen ka itilize nouvo mo mwen aprann nan liv mwen an?
- Nan ki fason istwa ki nan liv sa a menm jan oswa diferan ak lavi mwen?



Ou pare? Annou wè! Mete yon etikèt!

Eksploratè/eksploratris, w ap pare pou ale kou w fin ranpli devan ak dèyè etikèt valiz ou a. W qp bezwen I pou ka asire w ke tout afè w yo ka tounen vin jwenn ou, sizoka ou pèdi valiz ou.

Non pasaje a:

Laj li:

Kote I ap soti a:

(kote li abite)

, Florid


Men mwen!

Kreye yon journal pou note deplasman w yo

Itilize kat la pou jwenn vil ou
pral vizite chak mwa a.

Fè yon ti kwa nan kaz la lè w
fin vizite vil la

1. Sarasota
2. Clewiston
3. Naples
4. Apollo Beach
5. Fort Lauderdale
6. Clearwater
7. Spring Hill
8. Sanibel
9. Florida Keys



Ou pare pou plis amizman toujou?

- Antoure yon vil ki toupre kote w ap viv la.
- Mande paran w enfòmasyon sou vil yo pi renmen
an, epi desine yon zetwal sou li.
- Klase non vil yo nan lòd alfabetik.



Oktòb

Yon kote ki amizan: Myakka River State Park

Enfòmasyon ki enteresan: Gen yon antonwa nan rivyè a ki rele Deep Hole (Twou fon) e ki mezire 300 pye nan lajè ak 130 pye nan pwofondè. Se yon kote anpil moun konnen ke yon pakèt kayiman rasanble chak jou. Pran prekosyon!

Monte yon eskalye ki gen san (100) mach pou rive nan Myakka Canopy Walkway a, pou ou ka wè èg, votou ak lòt bêt sovaj yo pi byen! Apresa, gade byen nan liv Oktòb la.

Montre sa ki pase nan kòmansman an ak nan mitan istwa a. Kijan ou ta chanje fen an?



Nan kòmansman istwa a...

.

Nan mitan istwa a...

.

Pou m ta ka chanje fen an,
mwen ta...

.

Ou santi w bouke dèske ou fin monte tout mach sa yo? Pa enkyete w, nan pwochen kote w prale a, senk sans ou yo pral fè tout travay la!

Sarasota

Novanm

Clewiston

Big Cypress se kote 800 moun

ki soti nan Tribi Seminole ak

nan Ah-Tah-Thi-Ki Museum ap

viv. Pasrèl li a gen yon longè

ki mezire yon mil (apeprè 1,61

kilomèt), e li siyonnen Everglades la.

Ekri, di, oswa montre sa w ka wè, pran sant, tande, manyen, epi sa ou imajine ke ou ta ka goute pandan avanti sa a.



Yon kote ki amizan: Big Cypress Seminole Indian Reservation

Enfòmasyon ki enteresan:

Se yon kote ki vrèman gran; li 600 fwa pi gran pase Disney Worlds!



Wè: Antoure pyebwa ki pi wo a. Ki koulè ou wè? _____



Pran sant: Fèmen je w, epi rale souf ou. Ki sant ou pran? _____



Tande Chh! Koute ak anpil atansyon. Èske sa a se yon zwazo k ap chante, oswa bwi fèy yo nan briz van an? W a deside. _____



Manyen: Imajine ou kenbe yon plim nan yon men ak yon fèy nan lòt men an. Kisa ou remake konsènan jan ou santi yo? _____



Goute: Imajine ou se yon lous k ap chèche fwi tankou frèz ak franbwaz ki gen anpil ji. Ki gou fwi sa yo genyen? _____



Yon kolonn
pichpen ki fòme
yon vout

Yon kolonn pichpen byen wo ki nan dlo e
makonnen ansanm pou fòme yon vout.

Prepare w! Sans vizyon w ak sant ou gen yon sipriz sansoryèl k ap tann yo nan pwochen destinasyon w lan!

Desanm

Yon kote ki amizan: Naples Botanical Garden

Enfòmasyon ki interesan: Gen kèk espès plant nan Jaden Botanik lan ki tèlman la lontan, yo te la pandan tan dinozò yo. Imagine yon bagay konsal! Vrè plant epòk dinozò!

Prepare w pou w emèveye devan divès zwazo, myèl, papiyon ak flè ki ekstrawòdinè! Sans ou yo pral eveye nan Naples Botanical Garden! Fè kòmsi ou se yon eksploratè/eksploratris nan zafè mo. Li lis mo yo awotvwa. Apresa, jwenn epi antoure mo nan devinèt la.



Naples

Janvye

Yon kote ki amizan: TECO Manatee Viewing Center nan Florida Conservation and Technology Center

Enfòmasyon ki interesan: Yo rele lamanten yo bèf lanmè tou, paske y ap manje plant tout lajounen, menm jan bèf manje plant sou tè a!

Gade yon pakèt gwo lamanten ki rasanble an gwooup. Gwo jeyan dou sa yo ap pwonmennen ansam ak zanmi yo etan y ap jwi dlo tyèd Florid la, pandan sezon ivè a. Kreye yon istwa konsènan avanti yon lamanten. Desine epi ekri konsènan sa k ap pase an premye, apresa, annapre epi finalman.



Lis mo yo

Yé, ak, plant, flè, solèy, tè, zwazo, renmen, wè, te ale, piti, gwo



Premyèman...

Apresa...

Annapre...

Finalman...

Apollo Beach

Fevriye

Yon kote ki amizan: African American Research Library and Cultural Center

Enfòmasyon ki enteresan: Nan bibliyotèk la, gen yon gwo sal teyat ki gen 300 plas! Ou ka wè bél fim sou reyalizasyon ekstrawòdinè Ameriken selèb, ki yo menm se desandan Afriken.

Fort Lauderdale

Nan bibliyotèk la, ou ka li liv sou ewo ameriken ki te aji avèk kouraj, poutèt yo te kanpe pou defann sa ki jis.
Kisa sa vle di lè yon moun brav?
Pataje opinyon w konsènan kisa sa vle di pou ou gen kran, epi pou ou brav tankou ewo ameriken ki nan liv yo.



Nan opinyon pa m, genyen kran vle di...

Li enpòtan pou ou brav paske...

Mwen brav lè mwen...

Vwayaj ou pou mwa pwochen an ap fèt nan yon kote nan Iwès Florid santral la, kote dlo a klè. Èske w ka devine kijan kote sa a rele?

Mas

Yon kote ki amizan: Moccasin Lake Nature Park

Enfòmasyon ki enteresan: Pak la gen yon lopital pou zwazo kote zwazo rapas ki malad epi ki blese ka jwenn swen ak atansyon espesyal, jiskaske yo refè epi yo ase anfòm pou yo vole ankò!

Bank mo:

pyebwa
èg
lak
koulèv
santye
papiyon
zwazo



Yon gwo zwazo ki gen tèt chòv.

Yo vole wo nan syèl la.

Yon kote pou ou naje!

Yon chemen pou ou mache nan lanati.

Yo wo epi yo gen anpil branch.

Yon ensèk jaden ki ka vole epi ki gen anpil koulè.

Yon reptil ki ranpe yon fason tòde yo jwenn nan gazon.

èg

Clearwater

Chape anba soley midi a, pou w ka pwomennen nan santye ki gen lonbraj la, atravè bél pak sa a. Epitou, w ap ka eksploré yon jaden kote yon pakèt papiyon rete, epitou yon lak, e petèt menm w ap ka wè youn oswa de (2) èg chòv!

Itilize bank mo a pou chwazi mo ki koresponn ak chak endis.



Avril

Spring Hill

Me

Sanibel

Yon kote ki amizan: Weeki Wachee Springs State Park

Enfòmasyon ki enteresan: Ou ka gade "vre" sirèn k ap fè yon pèfòmans anba dlo, nan yon teyat ekstrawòdinè ki anba dlo!

Gen anpil bagay ou ka fè nan Weeki Wachee! Èske w ap chwazi kayak, bouwe, oswa yon lòt avanti an premye? Èske w te konnen sirèn renmen fè lekti? Epi, yo anvi dekouvrir anpil bagay konsènan ou menm!



Fè yon ti rale sou tèt ou nan yon lèt.

Antèt (adrès ou)

Dat

Bonjou
(Chè...)

_____ ,

Devlopman
(ekri pou fè yon ti pale de tèt ou)

Dénèye mo
(Sensèman)

_____ ,

Èske eksplorasyon dlo Weeki Wachee yo fè tout kò w mouye an trap? Ebyen kounye a. se lè pou seche kò w, paske gen kèk zanmi espesyal ak plim ki prese pou yo rankontre w mwa pwochen!

Yon kote ki amizan: J.N. "Ding" Darling National Wildlife Refuge

Enfòmasyon ki enteresan: Refij sa a tankou yon otèl jeyan kote zwazo ra ki soti nan lemond antye pran yon poz san danje, pou yo repoze pandan vwayaj yo ki long anpil. Refij la gen yon bèle peyizaj ozalantou li, epitou gen moun ki pwoteje l.

Kreye pwòp zwazo ra pa w k ap viv nan Ding Refuge. Reflechi sou koulè li yo, sou sa li renmen manje, epi sou kote nan refij la li ka renmen rete. Desine zwazo w la, epi ba li yon non!



Ekri non zwazo w la.

Tout enfòmasyon sou zwazo mwen an

- Ki koulè li ye? _____
- Ki manje li renmen? _____
- Ki kote nich li ye? _____

Kounye a, w ap kite aktivite kreyasyon pwòp zwazo w la pou w ale nan bèle solèy Keys Florid yo. Asire w ke ou pote kèk ti goute. Vwayaj pou ale nan avanti mwa pwochen an long anpil!

Florida Keys

Yon kote ki amizan: Key West

Enfòmasyon ki enteresan:

Anba kat jeyografik Eta Florid la genyen 800 "Keys", yon mo ki soti nan mo panyòl "cayo", ki vle di "ti zile". Si w vizite youn chak jou, l ap pran dezan pou ou wè yo tout!



Key West gen dlo ble ki klè. Se yon kote ideyal pou naje e pou obsève pwason ki chaje ak koulè. Ou ka eksploré yon vrè fòtòrs, epi manje tat sitwon ki gen bon gou!

Jwenn kle pou debloke chak mo! Itilize chak endis yon fwa. Bare li lè w fin itilize l.

Kle: dra / fl; aj / ch; on / sh; lèy / igh; kr / cr; je / sw

Endis	Repons
	Li flote nan van an epi li montre koulè pou yon ekip oswa yon Eta.
	Yon limyè briyan ki soti nan syèl la pandan jounen an.
	Ou fè sa a nan dlo.
	Bèt dlo ki gen najwa ak ke.
	Yon bèt lanmè ki gen yon karapas ki di.
	Yon rivaj ki gen sab bò lanmè a.

Repons: droapo / flag, limyè solèy / sunlight, nade / swim, pwason / fish, krab / crab, plaj / beach

Lè ou fin naje ak pwason yo, e jwe nan dlo sou plaj la, l ap lè pou w al lakay ou. Fè yon ti kabicha pandan ou sou wout pou w al lakay ou, epi fè bél rèv konsènan pwochen avanti w la!

Lakay se lakay!

Bon retou, vwayajè/vwayajèz! Èske w te byen amize w nan dekouvri nouvo kote ki enteresan nan vwayaj ou atravè Eta Florid la? Chwazi yon kote ou ta renmen vizite ankò, epi voye yon kat postal bay yon zanmi pou di l poukisa se kote sa a ou pi renmen.



Chè _____:

Kote mwen te pi
renmen vizite a, se te
_____.



Pou: _____

Adrès: _____

Se li mwen te pito paske

_____.



Ki kote nou prale ane pwochèn?

Eske w pare pou planifye vwayaj ou pou ane pwochèn? Ekri epi desine pou montre ki kote ou ta renmen ale, epitou kisa ou ta renmen fè lè w rive la!





new
worlds }
reading }



778218